ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ГУШЫЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОК!

№123 (22.031) ● 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 30, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдок! ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЩIым и зехьэкIэ Iэмал нэхъыфI дыдэр къыхэхын

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен гъэмахуэ хьунIэхэм хьихь щIыхэм я Iуэхур зэфIэзых лэжьакIуэ гупым хэтхэм яхуэзащ. Абы кIэщIу нужь иту щIы реформэмкIэ комиссэм и лэущIэ иригъэкIуэкIащ.

ПРЕЗИДЕНТЫМ къыхигъэщащ гъэмахуэ хьунIэхэм хьихьэ щIыхэм икIэщIыпIэкIэ унафэ ятещIыхьауэ, муниципальнэ районхэм я гъунапкъхэр гъэбелджылын зэрыхуейр.

- Унафэ кьыщIытIэкIэ нэхьыщхьэу къэтлытэнур езы цIыхубэм фIэкъабылырыщ. ЩIыр тэмэму къэдгъэсэбэпын щхьэкIэ, абыхэм кьыхах зехьэкIэхэм сыщыгъуэзэн, я Iуэху епIыкIэхэр зэхэсхын хуейщ. Сэ пщэрыль ящысIащ жылагъэ псори кьыгъэхакIухьу, дэтхэнэ зыми нэхь фIэтэмэмыр зрагъэщIэну. Республикэм и цIыхухэм я фIэфIныгъэм тетуи зыхуэфащэ законыр къэтщтэнущ. Пэжщ, дэ я Iуэхур кIыхьыIыхь тщIыуэ къащыхьунщ, ауэ демыгупскIэу, депIэщIэхьщ щыуагъэ гуэр зыIэщIэдгъэкIмэ, тхуэмыгъэзэкIуэжьну хэщIыныгъэ кьишэнкIэ хьунущ, - кьыхигъэщащ Президентым.

Правительствэм и Унафэщ Iы и япэ кьуждеиж **Абрэдж Iэдиб** игъэнэIуащ республикэм и Iэтащхьэм ящищIа пщэрылым тету, щIым и зехьэкIэ Iэмал нэхъыфIым теухуауэ комиссэм хэтхэм ягъэхъэзыра Iуэхугъэхэр.

- Мыбдежым языныкъуэхэм кьалытэ щIыр пайкIэ гуэшынымэ мытэмэу, бэджэнду кьагъэсэбэпмэ нэхьыфIу. Адрейхэм ар ядэркьым, щIыр кьуажьдзэхэм я унейуэ иратмэ нэхь яфIэкьабыщ, - жиIащ Абрэдж Iэдиб.

Президентым кьалэн ящищIри, Къэбэрдей-Балкъэр къэрал мэкъумэш академием и щIэныгъэдIэхэмрэ лэжьакIуэ гупым хэтхэмрэ щIыр реформэ щIынымкIэ къэхутэныгъэ ирагъэкIуэкIащ. Абы нэхьыщхьэу кьрикIуэм тепщIыхьмэ, муниципальнэ мылъкуу щытми, уней ящIми, щIым и фIагъыр, и кьарур хьумапхъэщ.

ЖаIахэр щызэхьулъхьэжьм, Къанокъуэ Арсен кьыгъэлъэгъуащ бэджэнд зэхущытыкIэхэр Iэмал имыIэу зэгуфIэкIуэн, щIыр къызэрагъэсэбэп щIыкIэм, пIалъэм и хабзэ псори ягъэбелджылын зэрыхуейр.

- ЩIыр цIыхуэхэм ятегуэшапхъэу бэм кьилытэмэ, а Iуэхуэмэ дыхэпIыхьмэ, Дэ къалэныр щIым и зехьэкIэ Iэмал нэхъыфI дыдэр къыхэхынырщ, - кьыхигъэщащ Президентым и кIэщIыгъэ я кьалэнхэм бгъэдыхьэну лэжьакIуэ гупым пщэрыль ящищIащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван корреспондент Белых Наталье ЩIыхь тхыль ирет.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгуэхэныгъэм и тхьэмадэ Мэзэлихьэ Борис газетым и редактор нэхьыщхьэ Мэз Сусаннэ тыгъэ хуещI.

● Пшыхьхэр

Илъэс 90 ирокъу

Налшык къалэ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм дыгъуасэ щагъэлъэпIащ «Кабардино-Балкарская правда» республикэ газетым кьыдэкIын зэрыщIидзэрэ илъэс 90 зэрырикъуар. ГуфIэгъуэ зэхьхьэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, министрэхэр, ведомствэ щхьэхуэхэм я лIыкIуэхэр, газетдежьэхэр.

ЗЭУЩIЭР кьыхэIуихри, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхьыщхьэ **Мэз Сусаннэ** кьыхэзыхэсахэм ягу кьигъэкIыжащ газетым къикIуа гъэрагъэр, апхуэдэуи тепсэлъыхьащ нобэ я Iуэху зыIутым.

АдэкIэ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Власов Александр** КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен газетым и лэжьакIуэхэм зэрызахуигъазэ хъуэхум кьеджащ икIи КъБР-м и Щыхь тхыльымрэ «КъБР-м щыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэм я цIэр кьриIуащ.

Апхуэдэу зи юбилейр зыгъэлъапIэ газетым и лэжьакIуэхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ къэрал кьулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэм икIи абыхэм кьабгъэдэкI щыхь тхыльхэмкIэ зыхуэфащэ зэрагъэзэжащ.

ЗэкIуэр ягъэдэхащ республикэм и къэфакIуэ, уэрэджыкIуэ цIэрыIуэхэм.

ЩIХЬЭЩЭМЫЩIЭзэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым

ЩытыкIэм щытопсэлъыхь, къалэнхэр щагъэбелджылы

Мэкъуауэгъуэм и 24-м КъБР-м и Парламентым щыIэзэхэщ «Къабардей-Балкъэр Республикэм Iулъхьэм зэрыщыпэщIэтым и IуэхукIэ законыр зэрагъэзащIэр щыIэзэпкъраха зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ хабзэгъэзыв орган нэхьыщхьэм и унафэщIым и кьуэдзэ **Боэний Натбий** Абы и пэублэ псалъэм и ужькIэ, КъБР-м и Президентым и Администрацэм экономикэ шынагъуэншагъэм пыщIа Iуэхуэхэмрэ корпуцэм пщIэтынымкIэ и кьудамэм и Iэтащхьэ **Шевченко Юрэ** нобэ ирихьэлIэу зэфIагъэкIаxэм кьыдэхуэсахэр хигъэзгъуэзащ. Къэзгъэсэлъ зэрыжиIамкIэ, властым и гъэзэщIакIуэ, щIыпIэ унафэр зэзыгакIуэ Iэнатlэхэм коррупцэм пэщIэтынымкIэ щIыпIэ унафэр зэрыщIадзэрэ хабзэх

«2011 гъэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуки1» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «2011 гъэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуки1» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым къэнэжащ.

2. А Законыр Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым деж егъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм накъыгъэм и 26-м
№777-II-П

«2011 гъэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуки1» Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым къыщІэкІа 2011 гъэм накъыгъэм и 26-м

1 статья. «2011 гъэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхуки1» 2010 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьащта Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №111-РЗ-м мы кьыкІэлыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 1 статьям и пункт 4-р мы кьыкІэлыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«4) 2012 гъэм щІыщІэм и 1-м ирихьэлІэу Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал кІуэцІ щІыхуэр сом мин 8709368,7-м фІэмыкІыу:».

2. 15 статьяр мы кьыкІэлыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«15 статья. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал щэсыпІэхэр Урысей Федерацэм и ахъшэкІэ гъэувыныгр

1. Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал щэсыпІэхэмкІэ Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыхуэр 2012 гъэм щІыщІэм и 1-м щегъэжьауэ Урысей Федерацэм и ахъшэмкІэ сом мин 5000000,0-м фІэмыкІыу гъэувын.

2. 2011 гъэм Къбэрдей-Балькъэр Республикэм къэрал щэсыпІэхэмкІэ и Программэр Урысей Федерацэм и ахъшэмкІэ къэщтэн мы Законым и гуэдзэм №12-м зэритыр хуэдэу.».

3. Гуэдзэм №12-р дэщІыгъуэкІи.

2 статья. Мы Законым къару егъуэт официальнэу кьыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м
№60-РЗ

Мы щІыпІэм деж щауэщ Адыгэ меджлисыр.



Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр Къуэбыди щыІащ.

Адыгэ Лъэпкъ Хасэшхуэм и махуэ

Урысейм и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм Сочэ къалэм щрагъэкІуэкІащ Адыгэ меджлисыр кьызэрызэрагъэпэщэр илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ зэІущІэ

***Сочэ къалэм и Лазаревскэ, Центральнэ районхэм я зэпылъпІэм хуэзэу Псахэ къуршитѣ щыкІуэр тенджызым щыхэ хуэж щыпІэм Адыгэ Хэкум и ТхьадэмыкІэ щІэхьІэ щыІэ Іуэху къыщыхъуауэ щытащ. 1861 гъэм мэкъуаугъуэм и 12-м (жьыкІэ) мыбы щрагъэкІуэкІа зэІущІэм я щхьэхунтыныгъэм папщІэ адыгэ хэм илъэс куэдкІэ щрагъэкІуэкІа бзиэныгъэм зыкъыдигъэзэнкІэ хъуну щытащ.**

***Пащтыхьым и дзэхэм кІуэтэку нэхъ гуащІэу кІуаухъуренхь ди адэшхуэхэм я деж кІэ ар гъэунэхуныгъэм и махуэт: шапсыгъхэм, убыххэм, абазэхэхэм я жэрдэмкІэ мыбдеж адыгэ лІакІуэу 12-м я лІыкІуэхэр щызэхьхьэри, унафэ къащтащ нужькІэ «Адыгэ меджлис» цІэр зыфІаща тхьэпкъ хасэр къызэрэпэщынымрэ теухуауэ. Ар ящэ дыдэу адыгэхэм я къэрал унафэр зезыгъакІуэ органу уващ икІи адыгэ хэкум и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэкъуигъэзыващ. Меджлисыр зэрыщыІар 1861 гъэм и мэкъуаугъуэ мазэм щегъэжьауэ 1864 гъэм и накъыгъэ мазэм нэсыхущ, ауэ а органым къыпэщыта къаэнэхэм ящыщ куэд зэфІигъэкІауэ жьыпІэ хъунущ. Пэжщ, ди хэкур зэкъуэзыгъэувэн апхуэдэ къэрал орган нэхъ пасэу къызэрагъэпэщыри хуейуэ щытащ...**

УРЫС-КАВКАЗ зауэм и гущІэгъуншагъэм, абы къыдэкІуа гъэзэгъэуэшхуэхэм, абы гъэхэм я нэхъыбэр а лъыгъажэм зэрыхэкІуэдам, зэи къэмыхъуауэ, къэнахэр я хэкум зэрыраухуам Кавказым и тхьадэр къэзыхуэу щІэныпІэлІэр зыкъомкІэ пэІэщІэ ищІащ, уеблэмэ яІащІигъэхуащ адыгэ меджлисыр къызэрызэрагъэпэщащрэ абы иригъэкІуэкІа лъэжьыгъэмрэ. Мы Іуэхум езы адыгэхэри щІагъуэу щыгъуазэкъым. Ауэ бийм и ебгъэрыкІуэныгъэмрэ абы упэщІэтын папщІэ узэкъуэтын зэрыхуейм я адыгэхэм кьаэзэрыгурыІуар, лъэпкъым ныІэ щІынапІэ псомкІэ къэрал унафэр щызезыгъэкІуэн орган къызэрэзрагъэпэщаг къызэрымыкІуэ Іуэхухущ. Икіи абы пыщІа тхьапІэ щхьэхуэхэр, машІэмэ, архивхэм кьыхэнащ.

Адыгэ лІакъуэхэм я лІыкІуэхэм я хасэр щрагъэкІуэкІа щІыпІэр тэмэм дыдэу а тхыгъэхэм я фІыгъэкІэ ягъэбелджылащ. Иджыпсту а щІыпІэм и деж «Ставрополье» санаторэм и унэр щытщ. ИпъэсищІэрэ щэ ныкъуэрэ ялэнкІэ абдеж щепсыха нэхъыжьхэм яхэтт зи цІэр тхыдэм кьыхэна цІыху гъуэзэджхэхэу Бэрэздж Джырандыкьуэ, Бэрэкьей Нсмэхьил, Бэ бийку Хьэжьы, Дыгъэмыкьуэ Хьэжьы сымэ, нэгъуэщІхэри. КьызэрымыкІуэу гугъат а псори зэгурыбгъэІуэну, меджлисыр кьызэрэпэщыныр ар зэрыпэжыкІэну щыкІэмрэ ятеуху унафэр щІыну. А псоми тхьэмахутІыкІ нэблагъэ теХьэдащ. Хасащхьэм хагъэхьащ адыгэ лІакъуэ псоми кьаэзэкІэзэм ящыщу цІыху 15. УнафэщІу псори зэдзэрэзыуэ хахащ адыгэу щыІэм пщІэ гей зыхуащІ Бэрэздж Джырандыкьуэ.

Мыгрэву Псахэ псым и сэмэгурбгъуэмкІэ, тенджызым зы километр хуэдизкІэ пэжыжьхэу кьыщІрагъэжьащ меджлисым и унэхэр: мэкджьитыр, суд унэр, хьэщІэщ зыбжанэ. Зауэ, поликлиникэ Іуэхуэм и къадэкІуэу цІыхубзхэр, ныбжьыкІэхэр, ныбжьыкІэ щІалэхэр, ныбжьыкІэ щІалэ гей зыхуащІ Бэрэздж Джырандыкьуэ.

- Дэ, адыгэхэр, Сочэ здэщыт щІыпІэм ижь-ижьыж лъандрэр дыщопсэу икІи дыщыгуть хъунущ властымрэ жылагъэмрэ тхуэфэщэн пщІэ къытхуащІыну, ди Іуэхухэмрэ гугъуехьхэмрэ къыддагъэпсынщэну, кьыхигъэщхьхуэкІащ жьыджьы ФІыщІэм Іус Шапсыгъым и Нэхъыжьхэм я Советым и тхьэмадэ Гъуафэ Руслан. - ЗэкІи ди пъэІухэр абыхэм я тхьэкІыгъэ ирагъэ хьэркъым, ауэ апхуэдэу игъащІэкІэ екІуэкІынукъым, дэ ерыщу дыхущІэкъуныщ зыхуэдэгъэувыжа мурадхэр гъэззэщІэным.

Адыгэ лъэпкъым идыкъыпсту кьыпэщыт Іуэхухэр, гуГъуехьхэр кьыщаІэтащ Адыгэ меджлисым и юбилейм теухуа зэІущІэмэ. Бэ-хэм я Іуэху епІыкІыкІэхэр абы щыжаІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Іэтащхьэ Ажахьуэ Къанщобий, абы и хасащхьэм хэтхэу Едыдж Мэмэт, Бэрэчэ Іэдэм, Адыгэ Къуэн и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэпей Іэрамбий, Къбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфыцІэ Мухьэмэд, Краснодар крайм и Адыгэ Хасэм и лІыкІуэу Мэшыл Руслан, Къэрэшей-Шэрджэсым и ІщІалэгъуаэ Хасэм и унафэщІ Жу Тимур, Шапсыгъым и Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэу Тэш Мурдин, Пхьыф Хььалий, Гъуэдз Асльэн, апхуэдэу Гъуафэ Руслан, Шэрджэс Мухьэмэд сымэ. Зэ Іущ Іэм хэтахэм я нэхъыбапІэм зэрыжаІамкІэ, адыгэхэм я деж кІэ мыхъэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэр - Краснодар крайм и Уставым мы щІыналъэм ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэр щыпсэууэ зэрыщытыгъэм теухуа зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныр, щІынальэм щыпсэу мусульмэнхэр зыгъэпуд псалъэхэр Кубаным и гимным хэгъэкІыныр, адыгэ Іэпыкъым и тхыдэ-щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэм я фэеплъхэр олимпиадэм и уху ныгъэхэр щрагъэкІуэкІ щІыпІэхэм щыхьэмэныр, нэгъуэщІхэри къэЗэтым щыхъуепр Сочэ щрагъэкІуэкІыну ЩІымахуэ Олимпиадэр къыщыблагъэ лъэхъэнэм и закъуэкъым. Ауэ федеральнэ властхэм драгъэкІуэкІ зэпсэлъэныгъэхэр икъукІэ кІыхьлІыхь мэхъу. Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрызахуигъэзащэ псори къэралым и унафэщІхэм гуПыгъэнэшу къыпэнащ. Абы къыхэхьІыу къыхатхъащ адыгэ псоми я деж кІэ Іуэхухэм я тхыдэ-щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэм я фэеплъхэр олимпиадэм и ужьыгъуэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Сыт и лъэныкъуэкІи

Урысеймрэ Франджымрэ я правительствэхэр я унафэщІхэр зэрызэпсэльаныкІи, ныкІуахэм ятекІуху пресс-конференцкІи шекІуэкІым упщІэ нэхъыбэ зратар Путин Владимирщ. А къэралым ижурналистхэр псом я пэщІэнгъар УФ-м и Президентым Санкт-Петербург шекІуэкІэ экономикэ зэхьыкъэм къыщипсэлъар Премьер-министрым кІуэзэрыщыхъуныр. Абы и лъэныкъуэкІэ зэгурыІуэу пІэрэ а тІур?

«ШЭЧ ХЭМЫЛЪУ, ар президент Медведев Дмитрийрэ сэрэ зэхэтлъха программэщ икІи абы теухуауэ ди Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм зэщхьэщыкІыныгъэ гуэри хэлъкъым, - жиІащ Путиным.

Къэрал капитализмым пэщІэтын хуейуэ президентым премьерми кІалытэ». «Мы псалъэмакъыр нэхъ куу хьауад дэ къэрал корпорацэ зыбжанэ кІыззэдгъэпэща иужь. Сэ хуэдизрэ жысІащ икІи иджыри кІытызогъэззэж: къэрал корпорацэхэр щыщІыззэрагъэпэщар къэрал мылькыр гъэбзагъэм мурадкІэкъым, атІэ абыхэм я лъэщагъым хэдгъахъуэу иужькІэ тщэн папщІэщ», - кІыгурегъаІуащ Премьер-министрым.

ЗакъригъэщІыхьуэ темыгушуа корреспондентыр Путин Владимир зэпымыууэ еупщІыгъ президент хэхьныгъэхэм я екІуэкІыкІэнуэ теухауэ. КІеуэщІыр «цІыху ерыщу» кІыльыпІэгъэ, Путин Владимир жиІащ парламент; президент хэхьныгъэхэм къариКІуэнухэм зыкІи емылъытауэ урысей-франджы зэхущытыкІэхэм зэрызаужьныр.

Премьерыр апхуэдэу и телъхъэщ Франджым финансхэмкІэ и министр Лагари Кристин Дунейпсо валютэ фондым и унафэщІ игъэувыну кІыз зэрагъэлъэгъуаеми. Путиным жиІащ абы и ІэнатІэр фІы дыдэу зэрихьэфынэу.

Арщхьэкіэ Москвэрэ Парижрэ Іуэху псомкІи зэгурыІуэу пхужьІэныкъым. Франджым и жэрдэмкІэ ООН-м ШынагъэншагъэмкІэ и Советым щагъэхьэзыр «СириемкІэ резолюцІэ». Путин Владимир къагурегъаІуащ ильэс 40 и тэмІэ зытратащІэу щыта Іуэхухэр мы зэманым кІыззэремыІэтэжыкІыр.

«Къэрал кІуэцІ Іэхуэхэм уахэІэбэным куэдрэ фІы кІыишэркъым. Къэтщтэнти Иракыр. Абы властыр щызэрахьуэкІащ, арщхьэкІэ мамырыгъэ щызэфІэзыуакъым. А къэралым зэи щыІакъым экстремистхэр. Пэжщ, кІуэлыкъуэ щІыгъаш залымхэм, ау э экстремистхэр зыбгъэдагъэхьакъым. Иджы боевикхэм зэщІащтащ. НэхъыфІ хьуа? Дауи, хьуакъым», - жиІащ Путиным.

Урысей премьерым кІыхьигъэбелджылыкІащ УФ-м Сирием щытыкІэ хэха гуэрхэр зэрыхуэмыІэр. Ахэр абы нэхъ хуэнІэнкІэ хьуныр Франджырщ. «ДІэ абы базэхэри, ахэр щыдуэхьмкІэ мурадхэри, мелард куэд хьу хэльхьэныгъэхэри, тхъумэн хуей нэгъуэщІ зыгуэри щыдмІэжым. Арщхьэкіэ и цІыхубэм я къэкІуэнум дытогуэвэрыхь, и Іуэхухэр ефІэкІуэжьнымкІэ щІэтэжкуэзи дыхуэкІщ», - кІыхьитэщащ абы. Урысейр арэзыщ Сирием щекІуэкІым ООН-м щытепсэлъхьыхьыну, ау абы идэнукъым Дамаск и Іуэхухэм зыгуэрхэр ІэубыдыпІэншэу хэджэгуХыныр.

ШЕВЦОВОлег.
«Известия».

Сталиныр яубкІэ псори зэфІэкІрэ?

- Дэ ди дзэхэр километри 150 - 200-кІэ зэпэщІэхьауэ щыщытакІэ, Совет Союзкъэ ебгъэрыкІуэну хуеяуэ жьпІэ хъуну? Дзэхэр апхуэдизу зэпэжьжьэу уебгъэрыкІуэфынукъым икІи щыІхуэхъужьмэжьнукъым.

- Мэкъуауэгъуэм и 22-м ирихьэлІэу Дзэ Плъыжьым иІакъым зэрызихъужьмэкъин гупэхэр ебгъэрыкІуэным хуэщІахэри. Къаруэхэр зэщІагъэуІуатэкъым.

Мэкъуауэгъуэм икуэм гуэвэзгъуэр къакІэщІэззэрыхьащ. СССР-м и унафэщІхэм. Къэхъеину зауэм зыхуэгъахьэзыру щІадзащ, округхэм я дзэхэр КъухьэпІэмкІэ ягъэзэпхъуэу хуежьащ, арщхьэкІэ хунэсакъым.

Арагъэнущ Сталиным Іэщ ІэкІэ щыуагъэ нэхъыщхьэр - абы къыльытакъым Молотовымрэ Гитлеррэ 1940 гъэм Берлин щрагъэкІуэкІа зэпсэльэныгъэхэм къэрІуэнкІэ хуунухэр. И фІэщ ХуауадІ зэман гънэгъу дыдэм Германиер ди къэралым кьытемыуэну. Нэмыцэхэм ди ГъунапкъэхэмдзэхэрэкъыззэрыІуашэри къыфІэІуэхуэкъым. Сталиным и гугъэт зауэм дипломат хабзэхэм тету щІидзэну.

Абы къызэрилытамкІэ, а хабзэхэм япкъ иткІэ япэщыкІэ ззщІоплъэ къэралитІым яку дэлъ политикэ зэхущытыкІэхэр. Зэпсалъэ щІадзэ. КІуэ пэтми, нэхъри зэрогъэзгъбжь. АпщІондэхуКІэ я дзэхэр ягъэхъужьащ. Апхуэдизу екІуэкІамэ, Совет Союзыр сыт и лъэныкъуэкІэ зауэм хуэхъэзырынут.

Гитлер СССР-м хьэщхэрыпхъуэу къызэрытеуэнур зы тхъэмахуэ зэхуаку закъуэкІа нэхъ мыкъуми нэхъ пасэу къагурыІуамэ, ди Іуэхур нэхъ тынш хъунут.

- Граждан жылагъуэмрэ щыхум и хуитныныгъэхэмкІэ президент советым и Іэтащхьэ Федоров Михаил десталинизацэмкІэ программэ къыхилъхьащ иджыблагъэ. Апхуэдэ жэрдэмхэр, абыхэм къадэкІуэри Сталиным Хэку зауэщхэм щызэфІитІъэкІаХэр къызэраІытэ щыкІэр къыджеІэну дыхуейт.

- А жэрдэмхэр фэрыщІыгъэщ, лэжьыгъэшхэу зэфІагъэкІ хуэдэу къыщагъэхъун мурадкІэ къагъэсэбэп Іэмалщ. Апхуэдэ жэрдэмхэм зыри къыпэкІуэркъым. Сталиныр УнафэщІ Нэхъыщхьэу щытащ ди тхыдэм и лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ зым. ИкІи абы щыуагъэ ІэщІэкІ зэпыту екІуэкІакъым...

- ЯзныкъуэхэмкІэ зауэм щыщІидзам щыгъуэ абы щыуагъэ фІэІэкІа нэгъуэщІ Іэщ Іэмыкіауэ...

- Мэкъуауэгъуэм и 22-м ирихьэлІэу Дзэ Плъыжьым иІакъым зэрызихъужьмэкъин гупэхэр ебгъэрыкІуэным хуэщІахэри. Къаруэхэр зэщІагъэуІуатэкъым.

Мэкъуауэгъуэм икуэм гуэвэзгъуэр къакІэщІэззэрыхьащ. СССР-м и унафэщІхэм. Къэхъеину зауэм зыхуэгъахьэзыру щІадзащ, округхэм я дзэхэр КъухьэпІэмкІэ ягъэзэпхъуэу хуежьащ, арщхьэкІэ хунэсакъым.

Гитлер и политикэр зыхуэгъэзащ лъэпкъ псохэр зэтеуІэнэрт. Абыхэм ящыщ цІыхухэм я фІагъыми, Іуэху еплъыкІэми емылъытауэ. Абы къыхэкІыу Сталиным и зэманым цІыху мелуанэ 3 хуэдизрэ ягъэтІысми, мин 800 яуклами, а бжьыгъэр зыкІи ебгъэщащ. Германиер нацистхэм зэхащІыхьахэм. Гитлер цІыхухэр мелуанитф ІкІэрэ зэтриуикІэрт.

- Иджы неонацист гупсысэхэм я лъэр щагъэбыдэ Урысейри яхэту социалист къэралхэу щытахэм. Сыт ар къызыхэкІыр?

- Прибалтикэ къэралхэм абыкІэ щІауфэну хущІокъу езыхэм я лІыгъэншагъэ. 1939 - 1940 гъэхэм ахэр СССР-м къыхьыкащ ІкІакъу ІкІымыч. Финляндиемрэ щІигурэзыкъаеш, езым и хуитныныгъэр ихъумэжащ. Иджы а республикэхэм къащІигурыІуэжащ а зэманым я напэр зэрытекІар. Загъэзэхуэжьну хущІокъу СС-м хэту СССР-м къэзэрауэ жаІэу.

Абы ещхьщ КІыхьэпІэ Украинэри. Хамэ унафэ щІэмыт ухуэкІэ гуэр зрагъэгъэуэтыну абы къудэ щыхущІэкъуащ. Арщхьэкіэ ар зэ Урысейм, адрейи и дежи Америкэ. Германиемрэ я деж къыщІэзэпыудырт.

Мис а къемыхъуІлахэр делагъэ зыпылъ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэкІэ щІахьэмжыну хущІокъу. Арщхьэкіэ зыщагъэзгъупщэн хуейкъым зэгъэпэщыным теухуауэ Сталиным ищІа унафэр тэмэмт. Иужьрейхэм зэрахъуэжьащ зохакъута ди дзэхэр. Сталиным и унафэкІэ къызэрагъэпэща апхуэдэ дивизиехэрщ Москва зыхъумар. Абыхэм яхэтащ Панфиловым цІорыІуэм и 316-нэ дивизэри. Ар унафэ Іущ дыдэт.

- Мы зэманым куэдым, псом хуэмыдэу КІуэкІыпІэ блокым къыддыхэтахэм, Сталинрэ Гитлеррэ. Германиемрэ СССР-мрэ зэрагъапщэ.

- Сыт хуэдиз щыщІэныгъэзэрхьащ. СССР-м и унафэщІхэм. Къэхъеину зауэм зыхуэгъахьэзыру щІадзащ, округхэм я дзэхэр КъухьэпІэмкІэ ягъэзэпхъуэу хуежьащ, арщхьэкІэ хунэсакъым.

Гитлер и политикэр зыхуэгъэзащ лъэпкъ псохэр зэтеуІэнэрт. Абыхэм ящыщ цІыхухэм я фІагъыми, Іуэху еплъыкІэми емылъытауэ. Абы къыхэкІыу Сталиным и зэманым цІыху мелуанэ 3 хуэдизрэ ягъэтІысми, мин 800 яуклами, а бжьыгъэр зыкІи ебгъэщащ. Германиер нацистхэм зэхащІыхьахэм. Гитлер цІыхухэр мелуанитф ІкІэрэ зэтриуикІэрт.

- Иджы неонацист гупсысэхэм я лъэр щагъэбыдэ Урысейри яхэту социалист къэралхэу щытахэм. Сыт ар къызыхэкІыр?

- Прибалтикэ къэралхэм абыкІэ щІауфэну хущІокъу езыхэм я лІыгъэншагъэ. 1939 - 1940 гъэхэм ахэр СССР-м къыхьыкащ ІкІакъу ІкІымыч. Финляндиемрэ щІигурэзыкъаеш, езым и хуитныныгъэр ихъумэжащ. Иджы а республикэхэм къащІигурыІуэжащ а зэманым я напэр зэрытекІар. Загъэзэхуэжьну хущІокъу СС-м хэту СССР-м къэзэрауэ жаІэу.

Абы ещхьщ КІыхьэпІэ Украинэри. Хамэ унафэ щІэмыт ухуэкІэ гуэр зрагъэгъэуэтыну абы къудэ щыхущІэкъуащ. Арщхьэкіэ ар зэ Урысейм, адрейи и дежи Америкэ. Германиемрэ я деж къыщІэзэпыудырт.

Мис а къемыхъуІлахэр делагъэ зыпылъ апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэкІэ щІахьэмжыну хущІокъу. Арщхьэкіэ зыщагъэзгъупщэн хуейкъым зэрыщІэныгъэхэм дунейпсо жыларэзыр я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэнур гурыІуэгъуэ.

«Урысейм нэгъуэщІ къэралхэм яхуІэ зэхущытыкІэхэр ипэжьІэнкІэ зыубзыхуар Путин Владимирщ, абы и фІыгъэкІэ къэралым и экономикэм дунейм увыпІэшхуэ щиубыдащ», - кІыхьигъэбелджылыкІащ Йовановичым.

Белград щыІэжэсахэр т епсэлъыхьащ нужь иІъэсипІым Урысейм и премьерым зэфІигъэкІахэм.

Куэдым жаІащ Путиным Урысейм и политикэ къару нэхъщІыхьэхэр зэрызэкъуигъэувэр.

Американ-урысей сату-промышленнэ палатэм и унафэщІ ТепІищкая Хелен къельытэ премьер-министрым кризисым и удынхэм ящІэтыфа правительствэ пЭщІ къызэригъэпэщауэ икІи абы къэралым и экономикэр зыужьынырщІэщІэм и гуэрэгум тригъэхьауэ. Конференцым къызэрыщыхагъэщащи, европеизм я гупсысэр зыхуэгъэзар зыщІ; езыхэм я къэкІуэным темыгуэзвэхьыхьи папщІэ Урысейм зэпІэзэрыту зиужьынырщ.

СМИРНОВОлег.
«Аргументы и факты».

● Къэралхэр

ЗэрытекІуэнум шэч хэлъкъым

Аргентинэм и президент, къэралым и Іэтащхьэ щыта Киршнер Нестор къыщІэна фызабэ Киршнер Кристинэ жиІащ етІуанэ пІалъэкІи а къулыкъум кьытенэну зэрыхьэзырыр.

ВЛАСТЫМхуэпабгъэ а цІыхубзым хуэзэфІэкІар тельыджэщ. Ау ар абы тынщу кьелъхуІалъэм. Иджы жаІэ хэхьныгъэхэм Кристинэ зыри къыщыпэмыуВыныр. Хэбгъэзыхьэ, кІыхьлІыхь хэмыту хэхьныгъэхэм я яп Іыхьэм ар щытекІуэну Іэщ Іагъэлъэ Іэм къалытэ.

Киршнер Кристинэ Аргентинэм и яп цІыхубз президенту тхыдэм хьхьащ. АрщхьэкІэ и жагъуэгъуэхэр уувыІэркъым: абы хъуэр куэл ирадз - Перон Эвэ елыытауэ зыми имыщІыжу, зэи къэзымыгъэпэща и лІым и фІыгъэкІэ президент хьуауэ, и къ. ПэжкІр пэжу къэнэжьащ хуейщ - щІагъэкъуаншэ а псомэ лъабжьэ яІэщ.

Кристинэ политикэшхуэм хьыкІыр хуежьащ зэрыстудент лъандэрэ. А зэманым псори дэпІьеину хуейт Аргентинэм и президент Перон Хуан и щхьэгъусэ Эвитэ (Эвэ), лъэпкъым фІы дыдэу иІьэгъуэм. Хъыджэбзри щІэхъуэпсыр абы и лъагъуэм ирикІуэну. Абы къыхэкІыу, япэу Іэмал зэригъэгъу, Перон и партым хьыкащ икІи абдеж щызэригъэщІыхуащ ящыжьІэ щхьэгъусэ хуэхъуа Киршнер Нестор.

Политикэ и лъэныкъуэкІэ а тІум я деж сыт щыгъуи бжьыпэр щызыІыгъыр цІыхухъуртэ, Кристинэ пІалъэ кІыхьэкІэ абы дэІэпыкъуэн хуей хъуащ. НэгъуэщІу хьункІи Іэмал щыІэтэкъым: мурад нэхъыщхьэр сыт хуэдэ щІыкІэкІи властыр зыІыгъыну. Абы папщІэ псом япэ цІыхухъур щрагъэщ Аргентинэм унагъуэ насипыфІэу укъыщалъытэн хуейт. Арати, Кристинэ и бынхэр ипІын, и лІым сыт и лъэныкъуэкІи зыщІигъэкъуэн фІэкІа нэгъуэщІ зыри кьыхуэнэжьыртэкъым.

Политикыр зи щхьэгъусэ цІыхубзыр тхъэсыхуэу зыми эи эхъихакъым. Жеблэмэ зы псалъи къыжьэдэкІакъым Киршнер Нестор и щІасэ цІыхубзэм къаІуэтэжаюр газетхэм къыщыгъадзами. Ар щыІэ хэлъу пІалъэрт ятІонэрэ зэманыр къыщысыным. Ар къэсащ 2007 гъэм. Нестор кьыдэплыкъуэн, Киршнер Кристинэ тыншу хэхьныгъэхэм щытекІуІащ. Абы щыгъуэми ящІащ кьыхуэмыарэзыхэр - зыныкъуэ журналистхэм ягъэкъуэншащ кьулыкъу зыІэрифэхьэн папщІэ и унагъуэр хэтэн ящІауэ.

ПрезидентышІэм, жиІэфынур абы унагъуэ быдэ икІи насипыфІэ зэриІэрщ икІи кулыкъум зэрыувэкІэ ар зыми зэран зэрамыхуэхьуРщ. Бынхэр бдлитъ хъуащ, езыми и цІхъэ Іуэху зэрихуэфынущ. Журналистхэм ягурегъаІуащ: «ШІалэгъуэр щичъыи и деж уи гъащІэм зэхьэуэкІынытъэ къыщымыхьэнкІэ Іэмал иІэкъым. Ораш дэ езыхэри а зэуэкІынытъэхэм дыщІыщІэхьуэпсыр».

ПрезидентышІэр хуабжу гуащІафІэу зыщІэкІащ. Ар къэралым кьыхуэщхьэпащ. Куэдым жаІэ езы Кристини и тепІпэкІэ нэхъ узыІэпызышэ хьуауэ. Арщхьэкіэ зэпымыуэ кьыдэжкІей сыт и лъэныкъуэкІи Эвэ и зыІыгъыкІам зэрытетыр.

Киршнер Кристинэ къулыкъуфІэ лъагэ дыдэу зэрыдэкІуеям кІэлъыплъ Іэщ Іагъэлъ Іэм щыгугъащ тельджэ дыдэ къэхъуным: къэкІуэну хэхьныгъэхэм цІыхубзым и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэу абы и щхьэгъусэр щыуВыну. Нэгъабэ и жэпэуэгъуэм Киршнер Нестор гу узым илыкІащ. Иджы абы и фІыгъабэм зыри зэран хуэхъуфынукъым. Арщхьэкіэ цІыхубзым и гуапэну пІэрэ ешІ и закъуэ властым и льагапІэм кьытенэм?

ФЕДЯКИНЭ Аннэ.
«Российская газета».

● Ди гъунэгъуэхэр

Хуэфэщэн къыхуагъуэтыху

Иужь зэманым нэхъыбэрэ тепсэлъыхь хъуащ Ставрополь крайм и губернатор Гаевский Владимир и къулыкъум текІынкІэ зэрыхъунум. Щхьэусыгъуэр ар Кремлым Кавказ Ищхъэрэм щригъэкІуэкІ политикэмкІэ зэрымыарэзырщ.

ГУБЕРНАТОРЫМ зэІуцІэ зыбжанэм щыжиІащ нэгъуэщІ щІыналъэхэм кьиІэпхъуКІахэм Ставрополым и цІыхухэм ящыгъэгъуэгурыкІуэ хабзэхэм пщІэ зэрыхуэмыщІыр. Арщхьэкіэ зыри кьадэІуэркъым. КъэІэпхъуэ шэшэнхэр, ингушхэр кьыжьэдакъуэну хуейкъым Ставрополь краймрэ Ростов областмрэ, нэгъуэщІ щІыналъэхэм я хабзэхъумэхэм. Псори щІауфэрэ есащи, мыбыхэм щекІуэкІ Іуэхухэм зыщиубгъуу хуежьащ Кавказ Ищхъэрэм пэжыжьэ щІыналъэхэми.

Иджы Кремлым Гаевскэр Іумпэм ищІу жаІэ. ЩІыналъэм тхыдэкІи щэнхабзэкІи зэпэщІэуэ гуэр щыІэу зэхихьну Москва хуейкъым - мэшынэ. Арщхьэкіэ Гаевскэр ерыщу езым и Іуэху еплъыкІэм яхутекІыркъым.

Абы кьыхэкІыу къаугъэншэу икІи щэхуу Гаевскэм губернатор кьулыкъур щхьэщхьэныу къыщІэкІынуц. Езым зызытримыгъэгуэн кьулыкъу ищхьэкІэ къыщрагъынщи, зэфІэкІащ. Арщхьэкіэ, УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ округым щыІэ Хлопонин Александр абыкІэ арэзы хуэдэкъым. Округым и журналистхэм иджыблагъэ щаІуащІам Гаевскэр и кьулыкъум текІынкІэ зэрыхъунум теухуа упщІэм жэуап ириту абы жиІащ: «Сэ сыщыгъуэзэжьым и кьулыкъум текІыну Гаевскэм зигъэхьэзыру».

Дагъыстаным хуэм-хуэмурэ ИэпхъукІыу хуежьащ урысхэр, алыджэхэмрэ ермэлыхэмрэ. Урысхэр, алыджэхэр, ермэлыхэр Ставрополь краймрэ Ростов областмрэ ИэпхъукІыныкІи щынагъэ къыкъуэкІащ. Абы щІыпІэ властхэр егъэпІейтей: иджыри къэс алыдж, ермэлы хэхэсхэрат ищхьэкІэ зи гугъу тщІа республикэхэм я экономикэ, криминал къебгъэрыкІуэныгъэхэм япэщІэтыкІар.

ЗэкІэ зызыІыгъыр Краснодар крайрщ. Абы и щхьэусыгъуэр, пэжщ, нэгъуэщІщ. Губернатор Ткачев и щІыналъэм езым иІэжщ мафие лъэщ - абы щыхьэт тохьу зэман зыбжанэ и пэкІэ Куцевская станицэм къыщыкІхъуар. Езы Краснодар крайр зыщхьэри Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэрэкъым.

ПОПОВЭ Надеждэ.
«Аргументы недели».

Федерацэмкіэ Совет тым Чайкэ Юрий аргуэру прокурор нэхъыщхьэу игъэувыжащ. Апхуэдэ чэнджэщ ищхьэ палатэм езытар абы ШынагъэншагъэмкІэ и комитетымрэ Хабзэ, суд Іуэхухэмкіэ и комитетымрэт.

НУЖЬРЕЙМ и Іэтащхьэ Лысков Анатолий журналистхэм зэражриІащи, комитетитІым зэгъэсэу ираГъэкІуэкІа зэІуцІэм нэгъуэщІ унафэ къыщащтэнутэкъым: «Прокуратурэр президентым пщэрылъ щищІ кьаІэнэхэр процентI 100-кІэ зыгъэзащІэ Іуэхущапіэщ», - ккыхигъэщащ абы.

Сенатор ХэмЭ я ІэтащхьЛысков Анатолий журналистхэм зэражриІащи, комитетитІым зэгъэсэу ираГъэкІуэкІа зэІуцІэм нэгъуэщІ унафэ къыщащтэнутэкъым: «Прокуратурэр президентым пщэрылъ щищІ кьаІэнэхэр процентI 100-кІэ зыгъэзащІэ Іуэхущапіэщ», - ккыхигъэщащ абы.

Сенатор ХэмЭ я ІэтащхьЛысков Анатолий журналистхэм зэражриІащи, комитетитІым зэгъэсэу ираГъэкІуэкІа зэІуцІэм нэгъуэщІ унафэ къыщащтэнутэкъым: «Прокуратурэр президентым пщэрылъ щищІ кьаІэнэхэр процентI 100-кІэ зыгъэзащІэ Іуэхущапіэщ», - ккыхигъэщащ абы.

Сенатор Строев Егор зэІуцІэм зэрыщыкІамкІэ, ищхьэ палатэм прокуроры гъунапкъэншэу дзыхь хуещІ, «прессэм я Іуэхабжьу игъэуІуатІ». «Ар ун фІыгъэкІэ уІуахэр и чэзум ят хъуащ, - жиІащ сенаторым, - иджы ЖКХ-м щызэрахьэ бзаджэнаджагъэ инхэр кьыщІэІэбгъэщыну кьыпІэщыпщ. Аргуэру гутъуехьэхэм зэІуэуэ, ди комтекуратурэмрэ Іуэ ху зэхэзыгъэкІ комитетымрэ яку къаугъэ гуэри дэмылъу Чайкэ жиІахэм. Прокурор нэхъыщхьэм кьыхигъэщхьэхуэкІащ хьэрычэтыщІэхэм, адрей цІыхухэм я хуитныныгъэр суд Іэнатіэм щыхъумэныр, судхэм я лжжьыгъэм кІэлъыплъныр езым и къаІэн нэхъыщхьэу кьызэрилытэжыр.

Сенатор Строев Егор зэІуцІэм зэрыщыкІамкІэ, ищхьэ палатэм прокуроры гъунапкъэншэу дзыхь хуещІ, «прессэм я Іуэхабжьу игъэуІуатІ». «Ар ун фІыгъэкІэ уІуахэр и чэзум ят хъуащ, - жиІащ сенаторым, - иджы ЖКХ-м щызэрахьэ бзаджэнаджагъэ инхэр кьыщІэІэбгъэщыну кьыпІэщыпщ. Аргуэру гутъуехьэхэм зэІуэуэ, ди комтекуратурэмрэ Іуэ ху зэхэзыгъэкІ комитетымрэ яку къаугъэ гуэри дэмылъу Чайкэ жиІахэм. Прокурор нэхъыщхьэм кьыхигъэщхьэхуэкІащ кьыхигъэщхьэхуэкІащ кьыхигъэщхьэхуэкІащ

● Жыжьэ - гъунэгъу

Бгырыс хахуэ



Пщыхьэщ Мухьэмэд и гъащIэр езым хуэдэ щыху минхэм ейм ещхьу кьыщIидзат, Щхьэлыкъу эрэсхэу Исуфрэ Дадинрэ я бынунагъэщхьэм я сабий ебланэр Революцэ иныр кьыщыкъуну гъэм дунейм кьыт екьат. Къэралым и зэфIэувэныгъэмрэ гъащIэщIэр ухуэныгъэ епха гугъуеекьхьэм щIапIыкIа щIэблэм ящыщ Мухьэмэд щIалэ жану, Iэчльэчу, гъащIэдэкI лэжьыгъэм кьыпимыкIуэту кьэхъуащ. И ныбжь нэсри, 1938 гъэм дзэм ираджащ Хэкум кьулыкьу х упщIэну. Щыхь зыпылъ а къаланыр ныкъусаныгъэщIэу зэфIеха нэужь, щалъхуа и кьуажэм кьыгъэзэжащ Мухьэмэд икIи къэрал кIуэщI IуэхуэхэмкIэ щыхубэ комиссариатым (НКВД) и щыпIэ Iэнатlэм щылэжьащ, псэукIэ хабзэхэр зэрагъэзащIэм набдзэг убзаплъэу кIэлыплъу.

АПХУЭДЭУ псэ хьэлэлу къэралым зэлэжьэн иригъэжьат Пщыхьэщым, и къару, зэфIэкI псори гъащIэщIэр ухуэным ирихьэлIэу псэурт 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр кьыщыхьеям щIыгъу. Зауэр щIидзэри мазэ бжыгIэ фIэкIа дэмыкIауэ, Мухьэмэд Дзэ Плъыжьым ираджащ. КIыхьт икIи гугъут топгъаруэ хахуэ Пщыхьэщым зыхуэ гъуэгуанэр. Ар бийм щыпэщIэ щ Мэздэгу, Горький къалэхэм, Ленинград и Iэшэлъащэхэм, Сталинград и Iэшэлъащэм, Днепр, Дунай псыхэм зэпрысыкIыу фашист хьэщхьэрыIуэхэр хамэ къэралхэм изыхуэжахэм, Австрием щызэуахэм.

- Зауэ ильэсхэм щытепсэльыхьыкым деж, ди адэм куэдрэ и гугъу ищIыжырт Сталинград дежи щекIуэкIа зауэм зэрыхэтам, - жеIэ Мухьэмэд и кIуэ Юрэ. - Адэм кьызэрытхуIуэтэжамкIэ, Сталинград и Iэшэлъащэм бийм щыгъэщIэт сонет зауэлI гупшIуэу нэмыщIэхэм кьаухъуреихьат икIи Iэмал ухуекIуэу кIуэдыплIэм укьимыкIмэ, нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэтэкьым. Взводым и командирым пулемётчик Пщыхьэщ Мухьэмэд абы и ныбжьгъуэмрэ унафэ кьахуищIащ бийр кьыхьитеуэну хуагъэфащэ лъэныкъуэмкIэ зыщагъэбыдэну. Жэщыр жьыпэм кьыхэзыщIыкIыну гъэгъуэхэм щэр нэмыщIэхэм трагъэлъалъэу хуежьащ. Бийм зыкьыщIэжьыкуIэ, пулемётчикхэм хьэлэч эзэтращагъ абыхэм я автомашинэ зыбжанэ, зауэлI 80-м нэс. Пщыхьэщэмрэ и гъуэсэхэмрэ ящжь иту нэмыщIэхэм кьебгъэрыкIыращ лъэсыдзэр. Апхуэдэу лIыгъэрэ хахуагъэрэ зэрахьэу совет зауэлIэхэр дивизэм гухьэжьауэ щытащ.

А мах уэхэм кьыкьыхьэпха лIыгъэм папщIэ Пщыхьэщ Мухьэмэд партым хагъэхьэну ягъэлъэгъуауэ щытащ икIи 1943 гъэм и дыгъэгъаззэм коммунист хьуащ. А лъэхъэнэм ар дзыхь инт икIи пщIэ лъагэт.

Бгырыс хахуэр адэкIэ щызэуащ фронтым и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм. Фронтым эдыIутым ар зэкъым-тIэукъым уIэгъэ зэрыхьуар, арщхьэкIэ Iэ узыншэ зэрыхьужу зауэ Iэнатlэм занщIэу гъэрыувжыгт Топгъаруэ Iэкlуэльакlуэр орудием и унафэщI ящIауэ щытащ. Абы хуэдэу хьэуам щIыльэмш щышэрыу э гъ уэгъуэгуейт. Кьыжьыапхъэщ Мухьэмэд зыхэта 585-нэ топгъаруэ полкым бийм и кхъухьльатэу 58-рэ кьриудыхауэ, танк, нэгъуэщI щIыльэ техникэ куэд дыди зэхихьутауэ зэрыщытыгъ. АпхуэдизкIэ бжьыгъэм, дауи, ди лъахэгъу зау зIгI хахуэм и Iыхьи элтэ.

1944 гъэм екIуэкIа Корсунь-Шевченковскэ, Ясско-КишиневскэебгъэрыкIуэныгъэхэми Венгриеми и кьалэ Дебрецен хуит кьыщащIыжми кьыхэжаныкIа совет зауэлIхэм ящыщащ Пщыхьэщыр. Абы и ныбжьгъу Гноевой Иван зэрыжиIэжьыкIэ, Мухьэмэд сыт щыгъуи пэрытхэм яхэтт. Щалэ кьарууфIэр, Iэчльэжьыр псом япэ иэсырт командирхэм топгъаруэм кьыхуагъэльагъу щIыпIэм. Яэныкьуэхэм дежи зениткIэхэр Iэпщэ защIэкIэ лъэфын хуэят хьуртри, абы щыгъуэми Пщыхьэщэр я кьалэнми дагъуэншэу пэльэщыр т.

Хэку зауэшхуэм щыIэрихьа лIыгъэхэм папщIэ Пщыхьэщэ Мухьэмэд кьыхуагъэфэщауэ щытащ - Зауэ зэфIэкIхэм папщIэ медалу щы, Командование Iэхьэщыкъэм кьыбгъэдэкI фIыщэ, щытхъу тхьылъ зыбжанэ.

Зауэр ирихьилъэси дзкIыжауэ Мухьэмэд щалъхуа щыпIэм кьыщигъэзэжар. Абы щыгъуэми хэкупсэ нэсым лъэкI кьигъэнакъым кьэрал, республикэ экономикэр зэфIэгъэувжа хьуи папщIэ. Апхуэдэу нэхъыжьыфIыр щытащ щIэблэм я ущиякIу, гъэсакIу з Iэнатlэм занщIэу, гъэсакIу з Iэнатlэм пажэжащ.

Сымаджэщым и юбилей щагъэлъапIэ пщыхьэм псом япэу Колпак Павел ехъуэхъуащ илъэс бжыгъэ куэдкIэ а Iэхъущ Iапlэм щылэжьа нэхъыжьыфIэмрэ ноба а Iэнатlэ мытыншыр езыхьэкIэмрэ. Сымаджэщым и лэжьакIуэхэм я Iэщ Iагъэ мытыншыр фIыщIэрэ щытхъуэ зэрыгъэхьэкIыр къыхагъащи, псалъэ гуапэкIэ абыхэм зыхуагъэзащ. КъБР-м я узыншагъэр хьуриныкIэ и министрым и Iуэдзэ Удалов Ольгэ, район администрацэм узыншагъэр хьумэныкIэ и щIадмэм и тхьэмадэм и кьудзэ Васильевэ Тамарэ, кьуажэ администрацэм и унафэщI Балькъэр Хьэуман сымэ.

Илъэс куэд щIэуэ щIыхуэхэм я узыншагъэр хьумэн Iэнатlэм псэ хьэпэлкIэ зэрыпэрытым кьыпэкIуэу лажьакIуэ нэхъыфIхэм ираташ районым администрацэм, узыншагъэр хьумэныкIэ кьудамэм, сымаджэщым кьабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр.

Махуэшхуэр щIэщыгъуэ, нэгъуэщI ужь ящIащ «Альтуд» щIыхуб анэмблым ягъэзэщIа кьафэхэмрэ жаIа уэрэдхэмрэ.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.



Зэныбжьэгъуэм и къафэ

● Щэнхабзэ

Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унау Налщык дэтым щекIуэкIащ Годенко Михаил и цIэр зезыхьэ «Сибирь» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и концерт. Красноярск къикIа хьэщIэхэм я гъусэу утыкур ягъэбжьыфIащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым и къафэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ Федеральнэ щIыналъэм щыIэ Хлопонин Александр Красноярск щыгъэхэта Урысейпсо экономикэ зэхьыхьэм и Iуауэ ансамблым хэтхэр кьигъэгугъуэу щытащ ди щIыналъэм зыкьыщагъэльэгъуэфыныкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхьуну.

Пшыхьым щIидзэн и пэкьихуэу КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан, «Сибирь» къэфакIуэ гупым и унафэщI, Урысейм щIыхь зиIэ и артист Моисеев Владимир, «Кабардинка» ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь, «Балкарие» ансамблым и унафэщI Энеев Магомед сымэ зыхэта пресс-конференц екIуэкIащ.

Фырэ Руслан жиIащ хьэщIэхэр ди щIыналъэм къызэрыкIуар зэрригуапэр. Ар тепсэльыхьа абыхэм я зэфIэкIыр зыхуэдэм, зэрыщIэрыIуэм. Министрым ахэр иригъэблагъэщ КъБР-м щекIуэкIыну «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» фестивалым икIи къызнигъащIэ зэхьыхьэр абыхэм зэхуащIыжмэ зэригуатэр.

КъыдэлъыкIуэу Фырэм псалъэ иритащ Моисеев Владимир: «Ди къакIуэр зытетщIыхьар зэныбжьэгъугъэщ. Нэхъапэхэм, Совет Союзым и зэманым, апхуэдэ зэхьыхьэхэр кIэщI-кIэщIуэрэ къызэрагъэпэщащ. Абы дызэрылъытэнымкIи лъэпкъхэр зэрызэхущытыр ефIэкIуэныгъэмкIи мыхьэнэшхуэ иIащ. Къафэр - ар псалъэншэу цIыхухэр зэрызэгурыIуэ бзэщ. АбыкIэ дызэрыщIэфмэ, ар куэд и уасэщ, - жиIащ абы. - Куэд щIащ мыпхуэдэу дызэрызэхэмыхьэрэ. Мы хабзэр кьедгъэжьэжыфамэ ди гуапэ хъунут.

Энеев Магомед арэзы техъуащ хьэщIэм жиIам.

Атэбий Игорь псалъэ щратым, жиIащ Моисеевыр илъэс куэд хьуауэ зэрицIыхьур, зэрызэедджар, къафэмкIэ абы зэфIэкIышхуэ зэриIэр.

Журналистхэр нэхъыбэу зыщIэупщIар ансамблым и тхыдэмрэ абы игъэзащIэ къафэхэр зыхуэдэмрэщ.

Абыхэм ятеухуауэ Владимир жиIащ ансамблыр 1960 гъэм и дыгъэгъаззэ мазэм кьызэрызэрагъэпэщар, нэхъапэм ягъэзащIэу щыта къафэхэм ящыщхэр иджыри зэрахъуэжр, лэжьыгъэщIэ куэди зэраIэр. Кавказым щыпсэуу льэпкъхэм я къафэхэм ящыщ гуэр ягъэзащIэрэ ямыгъэзащIэрэ журналистхэр щыщIэупщIэм, абы жиIащ апхуэдэ лэжьыгъэ зэкIэ зэрамыIэр, ауэ кьигъэгугъащ дяпэкIэ а Iуэхум егупсысыну.

Хьэщ Iэм жиIащ Владикавказ, Кисловодск, Ставрополь, Мейкъуапэ къаладэхэми зэрызыкъущагъэльэгъуэныр.

Концертым щIидзэ ижь, Фырэ Руслан КъБР-м и Президентым и унафэм къеджэри, «Къэбардей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр зыхуигъэфащаэу «Сибирь» ансамблым и къэфакIуэ пажэхэмрэ гупым и унафэщI Моисеев Владимирэ абы щхьэт техъуэ тхыльхэр яритыжащ. Апхуэдэуи Фырэм Владимир иритащ щIакIуэрэ адыгэ пIыЗэ. КъищынэмыщIауэ, министрым къызэхуэсахэр щигъэгъакIуэщ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм процент 30-40-кIэ хагъэхъуэн хуейуэ КъБР-м и Президентым унафэ къызэрыдитэжкIам.

Пшыхьыр къызэIуахащ «Кабардинка» ансамблым игъэзэщIа «Махуэшхуэ илъэсыкIэ» къафэмкIэ. ЗызэрахъуэкIыурэ утыкум зыкьыщызыгъэльэгъуа къафакIуэ гупищым я зэфIэкIым уитхьэкъэрт.

БАЦУЭ ФатIимэ.
Сурэтхэр: **САРАКУЕВЭ Iэсият** *трихац.*

● Хьуэхуэ

Мэрщэнкъуэ ФатIимэ Арсен и пIхьур кьыщальхуэ махуэщ, и ныбжьыр ильэс 15 прокьурп, дохьуэхьу!

Фыуэ тлъагъу ди пщащэ ФатIимэ! Уи вагъ уэр уэ гъм щыбIэу балигъ гъащIэм ух эбэкъуэну, щыльэ щхьэнтIэм лъэ быдэкIэ ущыуфыну дыногхьуэжьу. Нобгъ хуэдэу дунейр уи щэщыгъуэу, уузыншэу, уи пщIэр льагъэ уи псэр кьабэзэу, лъэпкьыр уи пщIэмрэ зыкьыкIымрэ иригъэгъуэну, щIэныгъэрэ Iэщ Iагъэкъэ уцIэрыIуэу, уи нэхьыжь хэм я жьауэм ущэ тIу укьэзылъхуаэхэрэ кьыбдальхуаэхэмрэ кьыбдэгуфIэу упсэуну, насыпым я нэхь лъапIэмрэ я нэхь дахэмрэ кьоуэлIэныр ди гуапэщи, Iхьэр кьыпхуэупсэ.

Кумыщхэ Надир, Лизэ, Исльам, Оксанэ, Мэрщэнкъулэх Хьэсэн, Лидэ, Арсен, Аслъэн, Мухьэмэд, Марьянэ, Заретэ, Залинэ, Аэзмэт, Эльнэ, Алим, Аминэ, Руслан, Данэ.

● Джэрпэджэж

Унэм зыщыгъаси, хасэм яхьхьэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и кьыхьIыгъуэхэм щыщ зыгъэтеГ. Хьэх Сэфарбий и «Адыгбзэр кьедывгъгъэлI» тхылъым сыкьыщIидзэкъм, ар сиГ кьыщыкьыIам хуэдэу кьыщыхуэуащ. ИтIанэ сегупсысыкIри, си пщы хуэкьыбжащ: апхуэдэуи гужьеитIуэ дыдэкьым ди Iуэхур.

ДИ ЕДЖАПIЭМ къаIуэ ныбжьыщIэ куэдым яIурытыщ я анэдэльхубзэр, ар фIыуэ зэщIэныжькIи адэ-анэхэм гугъу зыкьызэрыдригъэхьым гу лыдэтэ. Пэжщ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, щыльэ щхьэнтIэм лъэ быдэкIэ ущыуфыну нэхъ къэзыщIэ адэ-анэхэри. Апхуэдэу адыгэ нанэ дапщэ сыхуэзэрэ автобусым иуэ е уэрамым ирикIуэу и гъуэ и бынырыльхъм урысыбзэкIэ епсалъэу. Мыбы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэщ: абыхэм зэрыжаIэмкIэ, урысыбзэр фIыуэ ищIэмэ, щIэныгъэм нэхьыфIу хэтхуэзэну кьалытэ. Араш куэдым кьыдальхуа я адыгэбзэр щIызрамыпсыжьыр, абыкIэ псэльэныр емыкIуу кьыщIальыгъэ. Ауэ ди Iыщ дэ зи анэдэлъхубзэр фIыуэ зыгъэшIэрыуэ кьулькьущIэхэр, щIэныгъэлIхэр. ГъащIэм сэхуэлIэныгъэ щызыIэрагъэхьэнымкIэ абыхэм зыкIи зэран кьахэхъуакъым я анэбзэр.

Цыхум бгъэдэлъ гъэсныгъэр япэ дыдэу кьыщежьэр унагъуэрщ. А гъэсныгъэм я зы Iыхьыщ сабийм и псэльэкIэр, и анэдэлъхубзэм хуиIэ бгъэдыхьэжьэр, абы хуищI щIэр. Абдеж щитIуэта лъабжьым кьыпащэ сабий садэхэмрэ хурыгъеджанIэхэмрэ. Сэ щэч кьытесхьэркъым, гъэсакIуэхэри егъэджакIуэхэри я кьалэным нэсу зэрыпэлъэщынум, ауэ Iуэхур кьэзылъхьэ гуэрхэр щыIэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, а ягьынькIуэ адэ-анэхэм я быным «Адыгбзэр умыщIэми Iуэхуэкьым» зэрыжраIэр, Ар сабийм зыхьебгъэхьыкIэ Iэмал зимыIэщ, зи анэдэлъхубзэр Iуэмтэм зэбгъэщI ныбжьыщIэр адыгагъэми пэIащI бощI. А щIэкIэ, адыгбзэр зэрадж сыхьэт бжьыгъэкэр зэрымащIэми программэм и зэхэлъыкIэми ныкъусаныгъэ куэд кьаIэ. Литературэр кьэтщIэнщи, ныбжьыщIэхэр дзэлъхьэхьэ тхыгъэхэрщ зэгъэщIэн хуейр. Абы и лъэныкьуэкIэ сыщыщIэупщIэм ныбжьыщIэхэм жаIащ ди тхакIуэ, усакIуэхэу МафIэдз Сэрэбий, Щ.Джьакьэщ Хьэмыцэ, КIуантIэ Iэзид, Жьлэтэж Сэлэдин, Уэрэзей Афлик, Аукъан Руслан, Вындыжь Марие сымэ я Iудакъэщ Iэкъэм ящIэфIу зэрыжьэр, апхуэдэуи кьыхагъащIащ «Щыхуэгъагъуэ» литературэр хасэм хэт тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэу «Iуащхьэмахуэ» журналым кьыстехуахэри ягу зэрыдыдыхэр. Ныбжьыщ Iэр дзэлъхьэныем теухуауэ программэр зэхалъхьэмэ, адыгэ литературэр яфIэгъэщIэгъэну яджынуд щIэхъуэ.

Грамматикэм и гугъу ищIымэ, япэ ущIэу кьэувыр урысыбзэмрэ адыгбзэмрэ хуэх сыхьэт бжьыгэр зэрызэхуымыдизыр. А урысыбзэр зэрадж зэманым хуэдиз адыгбзэмкI хуэхамэ, хэщIыкIыу я псэльэкIэрэ нэхъыфI хьунущ, пэжырытхэм и хабзэхэри нэхь зрагъэщIэфынущ. Идкьыпсту адыгэбзэ урокым кьаIуэ сабийр псалъэхэм урысыбзэкIэщ кьыгъэредзэр, апхуэдизкIэ и анэдэлъхубзэм и бзэр хуныкьуэщи!

Сабийм адыгбзэр ищIэнщи кьыщIегугъуэкIхэм ящыщщ грамматикэм хэль щыщIэныгъэхэри. Сэ сызэрепльымкIэ, абы зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр хэлъхьэн хуейщ. Псалъэм папщIэ, сыт «у»-м и ужькIэ зэхэтх «ы»-р тIхьы щIэмыхъуэ е «чI»-р кьыщыпсэлъкIэ, абы и пIэкIэ хьэрф «к»-р щхьэ кьэдгъэсэбэнрэ? Апхуэдэ щапхъэхэр гьунэжщ.

Ныбжьыщ Iэр и анэдэлъхубзэм зэрыхущытыныр куэдкIэ сльытащи и егъэджакIуэм. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, дяпэщIыхь-тельэфу я предметыр езыгъэджэр. Мыбдежьм кьуаншэр ахэракъым, атIэ а щIэныгъэм зэрыхимыщIыкIыр ящIу абыхэм диплом кьезыгъэхьхэрщ. Апхуэдэ егъэджакIуэм сыт хуэдэ щIэныгъэ ныбжьыщIэм иритынр?

Хьэхьм кьыхилъхьэ хабзэр - зи бзэр зымыщIэж адыгэм республикэм кьулыкьу щрамытыныр теухуар - тэмэм дыдэу пIэр? Сэ сызэрепльымкIэ, апхуэдизу Iэмал имыIэу щIэныгъэм щыпсэу льэпкьхэм я щэнхабзэм, тхыдэм хэщIыкьыщ, пщIэ хуащу ди щIалэгъуалэр егъэсэнымкIэ.

ЗыгъэпсэжакIуэ цIыкIухэм я пащхьэ кьыщыпсэльащ «Кодумаа» центрым и унафэщI Романи Маретт. Абы кIэщIу и гугъу ищIащ Эстоние къэралым, абы щыпсэу цIыкIухэм я щэнхабзэм. Республикэм щыпсэу эстонхэм я щыIэкIэ-псэукIэм теухуа гъэльэгъуэныгъэ екIуэкIащ зэщIэщ и к.

КъУМАХУ Э Аслъэн.

● Къэпхъэр

«Кодумаа» закърегъэцIыху

Мэкьауэгъэщ и 21-м КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жьыгагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщхэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ екIуэкIащ ди республикэм щыпсэу эстонхэм я «Кодумаа» щIэнгъаэз центрым и лэжьакIуэхэмрэ сабийхэм я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ «Лъэгуныкьу» центрым зыщызыгъэпсэху ныбжьыщIэхэмрэ я зэIущ.

А IУЭХУГЪУЭР хеубыдэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхуэщIыкIэхэр, зэхэщIыкIыр егъэфIакIуэным ящыщ» зэрыжаIэ Iуэхуэ ныбжьыщIэхэм я лъэныкъуэкIэ, зэхэщIыкIыр егъэфIакIуэным ящыщ, уеблэмэ и псэм щигъафIэу зэрихьэнущ. Кьыдигурыуэну ильэу и нэхъуэ си гугъэщ: бийм жьыпIэр зэхихьрыкьым, ильагъурщ зыхилъхьэр. Абы кьыхэкIыу, нэхъыжьхэр сыткIи щапхъэу дыщытын хуейщ, иужькIэ ахэр дгъэхьуаншэу дыкъэмыувыжу.

Куэдым зэрагугъэм хуэдэу мыхьымщIэкъым нобэрей щIалэгъуалэр. Адыгэбзэм, хабзэм, льэпкь Iуэхуэм я мыхьэнэр нэсу я гугъатIэкIэм хуейщ абыхэм. Сэ сызэрепльымкIэ, школ программэм хэтэ кьыхьапхъэ щэнхабзэм щыхагъэгъуэзэ сыкъэхтэр. Апхуэдэу Къэбэрдей Адыгэ Хасэм мазэ къэс зэ нэхъ мыхьыми щIалэгъуалэм яхуэгъэзэ Iуэхуэгъуэ гъащIэгъэнэхэр кьызэригъэпэщмэ, ари къарынэт.

Сыт жьыдмIэми, дауэ дыкьемыIуэкIми, дызэкIуэлIэжьыр унагъуэрщ, дэтхэнэ зыми и жьэгу пащхьэм дэль хабзэрщ утыку зэрихьэр. «Унэм зыщыгъаси, хасэм яхьхьэ» жеIэ псалъэжьым. И эманым балигъ хьэмрэ ныбжьыщ щэнхабзэм щыхагъэжьащ ущIэкIэ зыщIэ уадэ хьэлъэу щIэблэм кьатемыхуэжу пIэрэ? ДызыщIэвгъэгупсысжьыт...

СЭРАХЪЭ Людмилэ,
УФ-м егъэджакIуэныгъэмкIэ щыIуэ, зиIэ и лэжьакIуэ, Налщык къалэ дэт курыт школ №25-м и егъэджакIуэ.

● Узыншагъэ

Ильэс 80 хъуауэ

Мы махуэхэм Iэтауэ ягъэлъэпIащ Прохладнэ районым щыIэ Альтуд участкэ сымаджэщыр къызэрызэIуахрэ ильэс 80 зэрыри-къур. Альтудэдэсхэм я мызакъуэу, районым и адрей жылагъуэхэм щыпсэуахэми я узынщагъэм кIэлъыплъыныкIи дэжьыгъэщхуэ зэфIегъэкI а сымаджэщым.

АБы щIэдзапIэ хуэхъуар 1931 гъэм кьызэрагъэпэщауэ щыта фельдшер пунктыр, 1937 гъэм Альтуд къуажэкIэ Прималкинскэ куейм и жылэ нэхъыщхьэу ящIащ. Абы къыщыщIэуахащ гъэлъапIэ 15 зыщIэхъуэ районым сымаджэщ. Хэку зауэшхуэм и зэманым кьмыщIэ зэрыпхуакIуэхэм зэжьакъуэ ягъэсыжа сымаджэщым зэрагъэпэщыжри, абы лэжьэн щIидзэжащ 1946 гъэм. ИужькIэ 1947 гъэм куейм и жылагъуэ нэхъыщхьэу Солдатскэ станицэм щыпсэу, ар участкэ сымаджэщ ящIыжащ. Абы и Iуэхуэр ефакIуэу зэрекIуэкIым и щIыхьэтт 1962 гъэм ирихьэлIэу гъэлъапIэ бжьыгъэу яIэр 35-м зэрыпсэар, апхуэдизу абы и Iуэхуэм, сымаджэжьым я узынщагъэр зэрыщыкIэлъэплъыфыр. Псори зэхэту а Iуэхуэщ Iапlэм кьелхат Альтуд, Черниговскэ, Благовещенскэ, Пятигорскэ жылагъуэхэм щыпсэу цIыху мини 10-м нэблагъэ. 70 гъэхэм сымаджэщым кьегъэщIыпIа щIыпIэм дежи щауэхуащ «ДэIэпыкьуэгъу псынщIэм» и пунктыр, аптекэ, гараж, зыхуеину хьэпшыпхэр зыщIэлъ хьэмапIэхэр.

Илъэс зэхуэмыдэхэм Альтуд районым сымаджэщым и унафэщIу щытащ Погосян Яков, Бондаренко Казатели, Игнатюк Еленэ, Ненахов Михаил, Iэдэмокьуэ Хьэсэн, Ут Хьэсэн, Абазэ Иринэ, Куржы Марина сымэ.

30 гъэхэм яуха сымаджэщым и унэр иджыри мардэхэм тет ухуэныгъэ ящIыгъ. Ар ехъуэхащ илъэситI и пэкIэ. Абы щолажьэ неврологие (гъэлъапIэр 20 щIэхуэу), терапие (гъэлъапIэр 25-рэ) къудамэхэр. Сымаджэщым и щIыхьэпIэм деж аптекэ щолажьэ, апхуэдизу иджыри Iэмал имыIэмкIэ кьызэгъэпэщащ лабораторэ иIэщ. Сымаджэщэр зыщIалъыну пэшхэр щIыхуи 2, 4, 5 зыщIэхуэнурэ гуэщащ, уэлъащIэкIи хьарзынэ щIэтыныгъэ. Iэмал имыIэмэ, сымаджэжьым я узынщагъэр зэфIагъэувжьын папщIэ зыхуей псори кьыкуэзгъагъэщащ. Апхуэдэ тыгъэкIэ кьуажэдэхэм яхуэпсоцIа хьарычэтыщIэхэу «Касхэ» ООО-м и тхьэмадэ Даш Хьэсэнрэ «Концерн «Риал» ООО-м и унафэщI Абазэхэ Хьэдисрэ. А тIум я мыльхукIэ сымаджэщым и унэр яухуащ икIи зыхуеину IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрагъэпэщащ.

Мы зэманым Альтуд участкэм сымаджэщым и поликлиникэр жылэм дэс цIыху мини 5-м я узынщагъэм кIэлъоплъ, гъэулъыпIэ 45-рэ зиIэ стационарым районым и дэтхэнэ жылагъуэм щыпсэуми зыщигъэIэзэну Iэмал иIащ. Сымаджэщым щолажьэ Коллак Павел зэрыжиIэмкIэ, аухэ псори зи Iэнатlэм гурэ псэкIэ пэрыт, сымаджэжьым гуапэу яхуащI, гуГэ зиIэ Iэщ Iагъэ Iэнатlэм пажэжащ.

Сымаджэщым и юбилей щагъэлъапIэ пщыхьэм псом япэу Колпак Павел ехъуэхъуащ илъэс бжыгъэ куэдкIэ а Iэхъущ Iапlэм щылэжьа нэхъыжьыфIэмрэ ноба а Iэнатlэ мытыншыр езыхьэкIэмрэ. Сымаджэщым и лэжьакIуэхэм я Iэщ Iагъэ мытыншыр фIыщIэрэ щытхъуэ зэрыгъэхьэкIыр къыхагъащи, псалъэ гуапэкIэ абыхэм зыхуагъэзащ. КъБР-м узынщагъэр хьумэныкIэ и министрым и Iуэдзэ Удалов Ольгэ, район администрацэм узынщагъэр хьумэныкIэ и щIадмэм и тхьэмадэм и кьудзэ Васильевэ Тамарэ, кьуажэ администрацэм и унафэщI Балькъэр Хьэуман сымэ.

Илъэс куэд щIэуэ щIыхуэхэм я узынщагъэр хьумэн Iэнатlэм псэ хьэпэлкIэ зэрыпэрытым кьыпэкIуэу лажьакIуэ нэхъыфIхэм ираташ районым администрацэм, узынщагъэр хьумэныкIэ кьудамэм, сымаджэщым кьабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр.

Махуэшхуэр щIэщыгъуэ, нэгъуэщI ужь ящIащ «Альтуд» щIыхуб анэмблым ягъэзэщIа кьафэхэмрэ жаIа уэрэдхэмрэ.

ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.

● Хъыбар гуапэ

Фыуэ еджэхэм - гулъытэ

Дзэлыкъуэ районым и курыт школхэм щIэс сабий зэчиифIэхэр нэхъ трагъэгушхуэн, я жэрдэмыр дальгъыныр папщIэ район администрацэм и Iэтащхьэм и стипендие ягъэуваш.

МЫ ГЪЭМ ар кьахьащ егъэджэныгъэм ехъулIэныгъэфIэхэр щызыIэрызыгъэхьа, район, республикэ олимпиадэхэм япэ увыпIэхэр кьыщыщызыьа школ лакIуи 10-м. Аэр: **Лъхъ Дианэ** (Белоканскэ дэт курыт школым и 11-нэ класс), **Пщыкъ Владимир** (Малкъэ дэт 1-нэ курыт школым и 10-нэ класс), **Кьардэн Аленэ** (Сэрмакъ курыт школ №5-м и 11-нэ класс), **Гъндыгъу Милан э** (Дзэлыкъэжьыкъуэ дэт курыт школ №1-м и 11-нэ класс), **Мамхэгъ Масирэт** (Батэх курыт школым и 10-нэ класс), **Кьанкъуэ Инн э** (Кьамыдыкъуэ курыт школым и 11-нэ класс), **Мэремщауэ Бесл ъэм** (Дзэлыкъуэкъуажэ курыт школым и 4-нэ класс), **Бещто Мурадин** (Малкъэ курыт школ №3-м и 8-нэ класс), **Хьэщхъуэжь Мурат** (Приречнскэ школым и 10-нэ класс).

Фыуэ еджэхэмрэ зэчий зыбгъэдэль ныбжьыщIэхэмрэ мазэ кьэс сом 300 стипендиеу иратынущ.

ПЩЫУНЭ Эммэ.

● Футбол

Налшыкдэсхэр нэхъ льэщт

Щыхуэхэр наркотикхэм емыгъэтхъкъуэныр, я ахэр хабзэм къемыгъэкIуу зезыгъэкIуэхэм ебгъэныкIэ дунейпсо махуэм ирихьэлIэу «Спартак» республикэ стадионым щыкIуэщIыхьэм футбол щыкIуэкIэ я зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.

АБы ХЭТАЩ («Спартак» (Налшык), «ПФК-Спартак» (Налшык), «Ростелеком» (Нарткъалэ), «Бахьсэн» (Бахьсэн къ.) командхэр.

Ятеухуауэ щыIэ «Спартак», «ПФК-Спартак» командхэм «Ростелеком», «Бахьсэн» гупхэр хагъащIэри, бжьыпэр яубыдащ. КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэм «Спартак»-р бжьыгэр 13:2-уэ «Бахьсэн»-м текIуащ, адрей командитIым я зэIущIэр зэрытемыгъэкIуэну - 1:1-уэ - ящащ.

КIэух зэIущIэм бжьыпэр щиубыдащ Налшык и «Спартак» командэм, «ПФК-Спартак» гупыр етIуанэщ. Ещанэ-еплIанэ увыпIэхэр зэдагъэушащ «Ростелеком», «Бахьсэн» командхэм.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIмышъу Мариан э** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариан э** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Исэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкь IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхуэщ Iапlэхэм эдэлъхьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортым и пресмэхэмкIэ - 42-22-88; етыджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэщ Iапlэм - 42-26-41; сурэтчэным - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм Iуэхуэ ныбжьыкIэм бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыкIыжьэ жуэп ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.